

**DIAJAR NULIS TEKS DESKRIPSI EKSPOSITORI KALAYAN POLA
OBSERVASI NGAGUNAKEUN MODEL *MIND MAPPING* DINA SISWA
KELAS VII SMP PASUNDAN 3 BANDUNG TAUN SAKOLA 2019/2020**

ku
EVI TRESNA NURLATI PARIDOH
155030055

RINGKESAN

Model mind mapping nyaeta model anu anu nungtut kreativitas, efektifitas sareng kamampuan nyiptakn peta pikiran.model mind mapping parantos kabuktosan efektif dina diajar nyerat teks deskripsi pola observasi. Sakumaha rumusan masalah anu diangkat ku panulis nyaeta; (1) Tiasa teu panulis ngarencanakeun, nerapkeun, sareng ngira-ngira diajar nulis deskripsi ekspositori kalayan pola observasi ngagunakeun model mind mapping dina murid kelas VII Pasundan 3 Bandung?;(2) Naha siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung tiasa nyerat teks deskripsi ekspositori kalayan pola observasi?;jeung (3) efektif teuna ngagunakeun model mind mapping dina diajar nulis teks deskripsi ekspositori kalayan pola observasi di kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung?. Sakumaha hasil anu tos dimeunangkeun ku panulis nyaeta; (1) panulis sanggup ngarencanakeun, nerapkeun, sareng ngira-ngira diajar nulis deskripsi ekspositori kalayan pola observasi ngagunakeun model mind mapping dina murid kelas VII Pasundan 3 Bandung, (2) siswa kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung tiasa nyerat teks deskripsi ekspositori kalayan pola observasi, jeung (3) model mind mapping efektif digunakeun dina diajar nulis teks deskripsi ekspositori kalayan pola observasi di kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung. Hal eta bisa dibuktikeun kucara ngitung darajat kabebasan nu hasilna 0,003 jeung tingkat kapaercayaan 95%. Sedengkeun t hitung hasilna leuwih ageung dibandingkeun sreng t tabel nyaeta $22,59 > 0,003$ ieu nunjukkeun dina diajar nulis teks deskripsi ekspositori kalayan pola observasi aya bedana anu signifikan dina tes awal sareng tes akhir. nilai rata-rata anu dihasilken ku paserta didik kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung nyaeta kangge tes awal 14,53 sareng tes akhir 77,62. Tina hasil anu di kengingkeun tiasa disimpulkeun eta hipotesis anu diajukeun tiasa ditampi.

Kecap konci: diajar, mind mapping, nulis, teks deskripsi kalayan pola observasi.